

# SOSYETE KOUKOUYAN AKSYON

## Lèt tou dekachte pou ekriven ak kritik literè yo Henri-Robert DURANDISSE

Mwen vle ekri w lèt sa a pou mwen ankouraje w pran konsyans enpòtan kritik literè nan devlopman atistik yon literatè. Mwen konprann se pa toujou fasil pou w resevwa kòmantè sou travay ou, paske pafwa sa kapab kreye fristrasyon. Men, mwen konseye w aprann aksepte kritik, paske li kapab kontribye nan devlopman ou kòm ekriven. Mwen frekante anpil literatè, mwen fouye, chache, dekouvri nan domèn literati, mwen vle pataje yon ti priz konesans avè ou san mwen pa gen ankenn pretansyon.

Gen yon fraz ki di : « **kritike se fasil, men kreye se difisil** ».

Fraz sa a eksprime yon reyalyte souvan nou konstate nan domèn atistik la. Li plis fasil pou kritike, jije, oswa bay yon opinyon negatif sou yon zèv oswa travay yon kreyatè. Li pa mande anpil efò ni konpetans espesyal pou yon moun bay yon kritik negatif. Men, lè w ap rive nan pwodui yon kreyasyon atistik, sa vin difisil. Sa mande tan, angajman, ak resous pou nou kapab kreye yon èv atistik ki gen kalite.

Fraz sa a mete an valè enpòtan kreyasyon atistik la. Li ankouraje nou pran konsyans de valè li. Li ankouraje nou tou adopte yon apwòch reflechi nan kritik nou yo. Li souliye kritik la ta dwe kontribye nan devlopman ak amelyorasyon zèv la epi sipòte atis la. Kritik la ta dwe gen yon enpak konstruktif ak edikatif.

Men, anmenm tan an, fraz sa a fè nou konprann fè yon zèv atistik ki gen valè se yon travay ki difisil tou. Sa mande tan, devlopman konpetans epi pa pè pran risk. Kreyasyon atistik la mande talan, kreyativite, ak kapasite pou nou fè fas ak defi teknik ki gen nan domèn sa a.

Fraz sa a envite chak moun pran responsablite pèsone lè li nan jan li kritike oswa kreye. Li mete anpil valè sou prensip etik ki kapab pèmèt nou kominike panse nou yo nan respè. Sa ede kreyatè yo apresye valè kritik yo epi mache nan direksyon pwodiksyon atistik ki gen anpil bon kalite.

Fraz sa a ankouraje nou kenbe konpa nou. Yon fason pou kritik negatif pa deranje lespri nou. Ni tou pou nou pa dezespere devan difikilte nou rankontre nan pwosesis kreyasyon atistik nou yo. Li raple nou chak pwoblèm, kritik, oswa baryè nou kontre sou wout kreyasyon se yon opòtinite pou nou aprann, grandi, epi devlope talan nou.

Li enpòtan pou nou aprann aksepte kritik konstruktif epi sèvi ak li nan yon fason ki kapab ede nou pwogrese nan domèn kreyasyon literè. Fraz sa a raple tou kreyasyon atistik se yon vwayaj ki pa janm fini. Li mande nou pou nou toujou nan refleksyon, nan fè eksperimentasyon. Sa ba nou kouraj pou kontinye kreye.

Fraz sa a ankouraje nou pran tan pou nou reflechi, eksperimente, epi valorize sa ki orijinal nan nou kòm kreyatè. Nan sans sa a, pi gran kalite yon atis se kapasite li genyen pou li eksprime entegrite li ak verite li nan travay li. Sa vle di, li gen yon vizyon atistik klè nan domèn nan. Men tou, li enpòtan pou li kapab kominike emosyon ki soti nan fon kè li. Yon bon atis depase limit materyèl yo pou li enstale li nan yon vwayaj emosyonèl. Se kapasite sa a ki pèmèt atis la bati yon koneksyon entim ak piblik la epi viv yon eksperyans vrèman inoubliyab.

### Ki sa kritik literè ye ?

Kritik literè se yon limyè ki klere nan fason nou wè travay nou. Li se yon miwa ki pèmèt nou wè travay nou sou yon nouvo ang, idantifye fòs cache travay yo genyen epi mete aklè aspè ki ka amelyore travay nou. Kritik la ba nou opòtinite pou nou mete tèt nou an kesyon, depase limit nou epi explore nouvo mwayen atistik.

Aksepte kritik la se pa yon sij feblès. Men, se pito yon sij kouraj ak matirite. Sa montre volonte nou genyen pou nou konfwonte limit nou kòm kreyatè. Kritik la pouse nou soti nan zòn konfò nou, explore nouvo posiblite ki kapab fè nou avanse sou wout literati.

Li trè enpòtan pou nou tande moun ki ap kòmante san detui; epi, fè moun, ki pataje pasyon nou genyen pou literati, anpil konfyans. Se menm konpòtman an nou dwe genyen ak moun ki pataje pasyon nou pou literati, ki konprann entansyon atistik nou e ki ka sipòte nou ak tout kè yo. Li enpòtan tou pou nou tande moun ki kwè nan kapasite nou epi ki ap pouse nou ale pi lwen epi depase limit nou.

Chak moun gen preferans, gou ak opinyon yo. Pa kite kòmantè negatif yo demoralize nou, men sèvi ak yo kòm yon opòtinite pou nou ogmante epi ranfòse konfyans nou nan tèt nou. Pa bliye, menm gran otè yo, ki rekoni toupato, te fè fas ak kritik ki te anmè. Men, yo te kapab transfòme kritik sa yo an konsèy ki te pèmèt yo gen siksè.

Nan fouye chache, nou jwenn plizyè moun ki ap reflechi sou travay kritik literè. Nou kapab nonmen non Ernest Hemingway, ki te di: « Nou tout se elèv nan yon metye, kote pèsonn p ap janm tounen mètr absoli. » Konsepsyon sa a raple nou, nou tout ap toujou gen aprantisay pou nou fè. Konsa, kritik literè a se yon zouti valab ki ka pèmèt nou amelyore travay literè nou.

Ray Bradbury raple nou, sèl fason pou nou jwenn wout nou kòm kreyatè se aprann aksepte kritik, paske yo ap ede nou vin diferan epi yo ap pèmèt nou grandi kòm literatè.

Vizyon sa a di nou, kritik la kapab ede nou dekouvri epi devlope estil ekriti nou ki sipoze diferan.

### An nou kontinye rale nou an sou kritik literè

Kritik literè se yon fason pou analize epi evalye tèks literè yo. Yo pote yon refleksyon an pwofondè sou kalite ak valè literè yon tèks. Kritik yo itilize diferan metòd ak teyori pou yo fè analiz detaye sou tèks yo.

Nan kritik literè, yo etidye estil ekri otè a, fòm epi lòt aspè ki gen nan tèks yo. Yo analize kòman moun ekri, kijan tèks la òganize, kijan li devlope karaktè ak tematik. Yo tou etidye repons moun yo bay tèks yo ak fason tèks yo afekte kilti epi sosyete yo.

Kritik literè jwe yon wòl enpòtan nan devlopman literati. Li pote yon evalyasyon kritik ak refleksyon sou tèks yo. Li ede nou konprann kalite ekri ak kontribisyon tèks yo nan devlopman kiltirèl epi sosyal yon peyi oswa yon pèp. Nan kritik literè, genyen anpil teyori ak metòd ki pèmèt kritik yo fè analiz tèks yo. Gen sa ki gen ladan analiz fòmèl, kritik feminis, kritik pòskolonyal, epi lòt ankò. Chak teyori sa yo ofri yon fason diferan pou analize tèks yo nan kontèks literè yo ye a.

[...]

### Pou nou fini

Mèsi pou tan sa ou ba mwen. Mwen envite ou ak volonte resevwa pawòl kritik literè yo fè sou zèv ou. Kite vwa ki byenfezan yo akonpanye w nan vwayaj atistik ou, enspire w epi gide w nan direksyon ki pèmèt ou evolue kòm literatè. Mwen konvenki, apati jodi a, kritik konstruktif la pral prensipal alye ou nan dekouvèt tout potansyèl ou kòm otè. Chak mo ki ateri nan lespri ou, chak fraz ou ekri, chak paj ou kreye, se yon fòm atistik ki pote kè ou ak konesans ou annavan. Mwen swete ou pa janm sispenn swiv rèv ou, kontinye ekri avèk pasyon ak detèminasyon, toujou sonje koute vwa byenfezan nan evolusyon ou. Mwen swete ou kontinye fleri nan monn literati a epi kreye zèv ki ap touche kè ak lavi tout moun.

Anpil respè ak admirasyon pou ou!

### Bibliyografi

- Barthes, Roland: "Le Plaisir du texte" (1973) Éditions Seuil
- Bernabé, Jean, Patrick Chamoiseau et Raphaël Confiant "Créole : Histoire et héritage de la langue créole d'Haïti" (1989) Éditions Karthala.
- Compagnon Antoine: "La Littérature, pour quoi faire ?" (2007) Éditions Seuil
- Eagleton, Terry "Théorie de la littérature : Une introduction" (1983) Éditions Points
- Hyppolite, Michel-Ange: "Istwa pwezi kreyòl Ayiti" (2000) Éditions Educa vision
- Sosyete Koukouy - Pawòl Kreyòl: Revi literè Sosyete Koukouy - "Pwezi", Volim 3 (2013)

Yon lèz nan lèt Henri Robert Durandisse la ki pibliye nan Pawòl Kreyòl Revi Literè Sosyete Koukouy, Volim 6, 2024, paj117-124

### Diksyonè jiridik Kreyòl – Price Cyprien Kòmantè Serge Bellegarde

M ap salye piblikasyon « **Diksyonè jiridik Kreyòl** » Mèt Price Cyprien prepare a. Dapre enfòmasyon ki nan « **Diksyonè** » a, depo legal la pote nimewo 22-05-140. Tout dwa rezève, 2024- Pwofesè Price CYPRIEN, Pwofesè Nathalie WAKAM CYPRIEN.

Anpil nan konpatriyòt nou yo fè fas kare ak gwo pwoblèm lè yo gen pou parèt nan yon tribinal an Ayiti. Poukisa? Tout bagay fèt nan yon franse anpil fwa yo pa konprann; gen yon seri mo ak konsèp jiridik ki depase yo *etc etc*. Kolèg nou yo ki avoka, nan Akademi Kreyòl Ayisyen an (AKA), pi byen plase pase mwen pou yo konfime sa.

Kidonk se yon bèl inisyativ Pwofesè CYPRIEN pran, lè li pibliye liv sa a, ki vin kontribye nan ogmante volim materyèl syantifik ki egziste an kreyòl. Nan sans sa a, lajistis an Ayiti, se youn nan domenn, kote kominikasyon an kreyòl gen anpil defisi.

Nan diksyonè sila a chak mo, espresyon vini ak definisyon jiridik li e se sa ki fè travay la genyen tout valè li. Mwen pa gen entansyon fè kòmantè sou definisyon nou jwenn nan « **Diksyonè** » a paske mwen pa avoka. Mwen pito kite sa pou zòt ki gen konpetans nan domèn lan, men m ap pran libète fòmile kèk obsèvasyon sou prezantasyon dokiman an. Nou va remake, mwen mete gimè lè mwen itilize mo «diksyonè» a. Se premye pwen mwen pral kouvri nan kòmantè mwen yo.

1) Èske travay Pwofesè Cyprien prezante a, se yon « diksyonè »?

Mwen panse travay sa a, se pito yon « **Glosè teknik jiridik** ». Se tit sa a mwen ta pito pou li. An Ayiti, yo itilize mo sa yo youn pou lòt, osnon yo rele tout kalite travay sa yo : diksyonè, pa plis.

Gen diferans ant yon **diksyonè**, yon travay kote chak mo, chak espresyon repwodui ak siyifikasyon yo. Diksyonè a bay egzanp fraz ki montre nan ki kontèks mo a osnon espresyon an kapab itilize. **Glosè teknik** la se yon travay kote ou jwenn definisyon teknik chak mo, chak espresyon, ki nan domenn glosè teknik la ap kouvri a. Nan sans sa a, yon diksyonè pa gen menm fòm ak yon glosè. Se kon sa w ap jwenn glosè mo teknik nan bati kay, glosè mo teknik nan elektrisite, nan lamedsin, nan òdinatè *etc etc*. Kidonk, pou mwen, travay Pwofesè Cyprien an tonbe nan kategori « **Glosè teknik** » .

Men kèk egzanp ki soti nan « **Diksyonè jiridik kreyòl** » la (N.B. M ap repwodui tèks la ekzakteman jan li ye nan liv la, men pi devan, m ap gen lòt kòmantè sou fason kreyòl la ekriti nan liv la).

#### • **Dwa absoli**

*Se yon dwa san limit. Nan tan lontan, yon wa, yon Anpere te jwi de yon pouvwa absoli.*

*Nan kad demanbremen dwa d pwopwiete an jeneral, dwa ke pwopwiete a genyen poul dispose de yon byen kel genyen se yon dwa absoli.*

#### • **Kazi kontra**

*Se yon sityasyon volonte ki jenere de obligasyon tankou yon kontra. Moun ki kreye sityasyon sa dwe pote prev kel nan dwal. Egzanp: yon anrichisman san koz.*

Se konsa tout « **Diksyonè** » a ye. Kidonk, jan mwen te di a, valè travay sa a chita sou definisyon yon moun jwenn pou yon seri espresyon ak konsèp jiridik ki anpil fwa pase anlè tèt yon bon kantite Ayisyen lè yo rive nan tribinal.

#### 1) **Pwoblèm nan ekriti fòmèl kreyòl la**

Dezyèm obsèvasyon enpòtan, dapre mwen, ki gen yon enpak negatif sou valè travay Mèt Cyprien an, se ekriti kreyòl la ki anpil fwa pa respekte òtograf fòmèl la. Mwen ta menm renmen sijere pou Mèt Cyprien ta konsidere pibliye yon dezyèm edisyon liv la ak tout koreksyon yo ki merite fèt ladan, paske se yon travay ki twò enpòtan pou pwomosyon kreyòl jiridik la, pou li ta pase akote regleman AKA pibliye sou fason moun dwe ekri kreyòl la. M ap repwodui pi ba a kèk egzanp an gwo lèt nwa :

- Delè : se tan lalwa bay **pouw** ekzese yon dwa, **pouw** ekzese yon rekou devan yon tribinal (paj 33)
- Degèpisman : .....Nan ka sa fòk moun nan **pagen** ni dwa ni kalite **poul** rete nan kay la.(paj 32)
- Opotinite **d** pouswit : Se yon dwa ke **Ministe** piblik la genyen **aprel finn** analyze yon dosye **poul** kontinye.....(paj 120)
- **Eta d nesosite** : Se yon **koz diresponsablite** penal. Se **le** yon moun ki **retwouvel fas** a yon danje **iminan** ki menase **vil** ou vi yon lot moun.....(paj 66)
- **Pwodu enteryè brit**: Total vale ajoute **d** ansanm **d** branch pwodiksyon **d** bye nak sevis nan yon peyi. (paj.137)
- **Pworogasyon** : Se **le** pwolonje yon **dele** pou yon tan an plis de tan **sak** te prevwa pou sa. (paj.138)

Egzanp sa yo se echantyon pwoblèm lan nan nivo òtograf la, men gen yon seri difinisyon, jan nou ka wè, ki pa fin twò klè paske estrikti fraz la twò pre franse a. Gen de lè tradiksyon kòrèk la mande itilizasyon plis mo pase sa ki nan lang orijinal si sa nesèsè, sitou si se pou evite konfizyon nan tèt lektè a. Se sa ki rive kèk definisyon mwen panse ki sèlman kopye sa ki soti nan lang franse a. Se sa ki fè estrikti kreyòl la vin bankal e sa gen enpak sou sans la.

#### **Dènye remak**

Pandan m ap tcheke « **Diksyonè** » a, mwen jwenn yon mo ki ki fè mwen kareman pantan. Mo a, se **Impeachment**. Pou sa ki pa konnen, pwosedi sa a egziste nan plizyè peyi sou diferan fòm. Nan peyi Etazini, se Kongrè a (Chanm Depite a) ki deklanche pwosedi sa a kont yon prezidan. Li prepare yon dokiman kote li detaye yon seri fot grav prezidan an komèt e se lè sa a li tanmen pwosedi « **Impeachment** ». Se yon pwosedi « **mizannakizasyon** », ni plis, ni mwens. Yon fwa Kongrè a apwouve dokiman akizasyon an, li transmèt li bay Sena a ki limenm pwal diskite epi vote osnon rejte akizasyon yo. Se sa ki pral detèmine si prezidan an ap sibi yon revokasyon, osnon *si li ap* rete sou chèz boure a. Pwosedi akizasyon sa a egziste nan Manman Lwa Ayiti, dapre lwa peyi a. Se poutèt sa mwen panse mo « **Impeachment** » la pa gen plas li nan yon « **Diksyonè** » kreyòl.

Kidonk, pandan mwen rekonèt gwo jefò Mèt Cyprien fè, mwen ta swete li ta dakò tou pou li anvizaje yon dezyèm edisyon *liv la*, kote li va revize tèks yo epi korije ekriti kreyòl la ansanm ak tout lòt definisyon ki merite yon pasemen, paske, jan mwen deja di, travay sa a twò enpòtan pou pwomosyon kreyòl jiridik la pou nou pa chache kore li.

Serge Bellegarde  
Manm Akademi kreyòl ayisyen an